



# Pwogram Sibvansyon TVTP Fèy Enfòmasyon sou aplikasyon an

Fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon sou pwosesis aplikasyon pou sibvansyon pou Prevansyon Vyolans ak Teworis Vize (TVTP an angle). Sa gen ladann enfòmasyon sou dosye aplikasyon yo ak kalite pwogram yo, materyèl aplikasyon obligatwa yo, ak dat ki empòtan yo.

**TANPRI SONJE:** Tout aplikasyon final ak tout materyèl pou fè rapò ak siveyans pwogram sibvansyon yo, dwe soumèt an anglè.

## Priyorite pwogram yo

Sant Depatman Sekirite Enteryè a (DHS) pou Pwogram Prevansyon ak Patenarya (CP3) ranfòse kapasite peyi nou an pou anpeche vyolans vize avèk teworis nan tout peyi a atravè finansman, fòmasyon, ogmante konsyantizasyon piblik, ak patenarya atravè tout nivo nan gouvènman an, sektè prive a, ak nan kominote lokal yo. Swiv yon apwòch ki enfòme pa rechèch sante piblik, CP3 reyini ansanm founisè sante mantal, edikatè, lidè relije, ofisyèl sante ak sekirite piblik, sèvis sosyal, òganizasyon san bi likratif, ak lòt moun nan kominote atravè peyi a pou ede moun ki sou wout vyolans anvan mal rive yo. Pwogram Sibvansyon TVTP bay asistans finansye, fòmasyon, ak resous pou aplikan ki kalifye yo pou yo devlope kapasite TVTP dirab, miltidisiplinè nan kominote lokal yo, pilote apwòch prevansyon inovatè, epi idantifye pi bon pratik prevansyon ki ka repwodui nan tout kominote atravè peyi a.

Apre yo fin evalye twou vid ki genyen nan aplikasyon yo avèk prim nan sik ki te anvan yo, CP3 te etabli priyorite sa yo pou seleksyon prim yo:

- Amelyore Rediksyon Residivis avèk Kapasite Reintegrasyon
- Avanse Ekite nan Prim avèk Angaje Kominote ki pa Desèvi nan Prevansyon<sup>1</sup>
- Abòde Aspè sou Entènèt Vyolans avèk Teworis Vize
- Prevansyon Ekstrèm Vyolans Domestik

Pwogram Sibvansyon TVTP bay finansman a tout aplikasyon ki an amoni avèk priyorite sa yo ansanm avèk sis objektif (ki endike anba a) epi ki pwoteje vi prive, dwa sivil avèk libète sivil yo. Aplikan yo oblige fè yon evalyasyon rijid tout bezwen yo pou eslike ki resous ki deja disponib nan zòn yo avèk ki twou vid ki genyen ke yo ta dwe ranpli. Tout pwojè yo egzije mezi pèfòmans.

<sup>1</sup> Yon kominote ki pa resevwa sèvis, vle di tout popilasyon ki pataje yon karakteristik patikilye, ansanm avèk kominote jeyografik yo, ki te refize sistematikman tout opòtinité pou yo patisipe nan aspè nan lavi ekonomik, sosyal avèk sivik. Gade paj 40 nan Dokiman oryantasyon an pou plis enfòmasyon.

# Òganizasyon ki kalifye yo

Gouvènman avèk otorite lokal yo, tribi Endyen ki rekonèt a nivo federal, avèk enstitisyon edikasyon siperyè jan sa defini nan [2 C.F.R. § 200.1](#); epi òganizasyon san bi likratif ki gen estati IRS 501(c)(3) elijib pou aplike pou fon sa yo.

## Peryòd Pèfòmans

Pwogram Sibvansyon TVTP a gen yon peryòd pèfòmans 24 mwa, avèk disponiblite limite pou yon ekstansyon gratis.

**Dat peryòd Pwojeksyon pou Kòmanse Pèfòmans la se : 1ye oktòb 2024**

**Dat peryòd Pwojeksyon pou Pèfòmans la kapab fini se : 30 septanm 2026**

## Lòt Kritè Elijiblité

Anplis de yon òganizasyon ki kalifye, pwojè li pwopoze a dwe satisfè kritè kalifikasyon pwogram nan pou yo kapab aplike:

- Konfidansyalite, Dwa Sivil, avèk Libète Sivil:** Pwojè yo pwopoze yo dwe defann vi prive endividyèl, dwa sivil, avèk libète sivil. Aplikasyon yo dwe dekri plan pwojè a pou kolekte enfòmasyon pèsònèl idantifyab (PII), avèk objektif li pou koleksyon an, plan li genyen pou itilizasyon avèk retansyon PII sa yo, avèk nenpòt enpak potansyèl sou vi prive, dwa sivil, avèk libète sivil nan fason aplikan yo pral anpeche oswa bese enpak sa yo epi administre pwojè yo san diskriminasyon. Aplikasyon ki dekri pwogram, pwojè, oswa aktivite ki pa byen pwoteje vi prive, dwa sivil, oswa libète sivil yo pral jije inelijib pou finansman.
- Konplèt:** Aplikasyon yo dwe gen ladan yo tout eleman obligatwa yo (Gade Seksyon 10, sou-seksyon “Apèsi sou Konpozan Naratif Pwojè yo” avèk Seksyon 7, “Enstriksyon sou kisa yo espere le yap soumèt pwojè yo, Konpozan obligatwa Aplikasyon yo, avèk Resous ki dwe Soumèt avèk Aplikasyon yo”), ansam avèk kondisyon espesifik nan pwojè yo pwopoze. Sa a gen ladan li mezi pèfòmans pou chak kalite pwojè (Gade Seksyon 8, “Plis Aplikasyon Prevwa”). Si w pa bay yon aplikasyon konplè oswa nenpòt devyasyon enpòtan nan egzijans yo, sa ka lakòz yon aplikasyon pa kalifye epi yo pa revize li oswa bay nòt pou li.
- Rechèch:** Pwojè ki fè rechèch sèlman san yo pa egzekite yo pa elijib nan pwogram sa a. Rechèch se yon depans akzeptab; sepandan, aplikan yo dwe pwopoze pou aplike youn oswa plizyè kapasite prevansyon pandan peryòd pèfòmans lan epi yo dwe demontre kijan nenpòt rechèch pwopoze ap sipòte aplikasyon sa a. Pou nenpòt rechèch ki enlike zafè moun, tanpri revize Seksyon 11, sou-seksyon “Pwoteksyon sou sije ki gen pou we avèk zafè moun nan Rechèch.”

## Monitore aplikasyon avèk Finansman

DHS prevwa yon prim mwayèn apeprè \$575,000. Aplikan yo ka aplike pou yonn oswa plizyè kalite pwojè nan monitore Pratik Pwomèt la oswa soumèt yon pwopozisyon nan Track Inovasyon an. Aplikan yo ka sèlman soumèt yon aplikasyon pou chak track finansman. Se poutèt sa, kantite maksimòm aplikasyon yon aplikan ka soumèt se de, yonn pou chak “Pratik Pwomèt” avèk pou “Inovasyon”.

Maj finansman yo gen ranje tankou referans. Si pwojè a depase sib finansman an pa plis pase 25 poustan, aplikan an ta dwe bay yon jistikasyon detaye ki sipòte pi gwo depans yo. Remak: Kantite sib yo kompile. Pa egzanp, yon aplikan k'ap pwopoze yon aplikasyon pou Pratik Pwomèt ki genyen de kalite – “Angajman Sivik” ak “Rezilyans Jèn,” pa egzanp, ta ka resevwa yon kantite lajan sib pou \$150,000.

Si yon moun ap aplike nan Track Pratik Pwomèt la, aplikan sa ta dwe separe depans pa kalite pwojè si gen yon pati nan finansman ki disponib. Tanpri asire w' ke aplikasyon w lan respekte egzijans avèk lòt konsèy yo bay nan chak tras avèk kalite pwojè.

Kalite Pwojè avèk Tracks	Finansman Sib Kantite/Maj
Ogmane Konsyantizasyon Sosyetal la	<b>175,000</b>
Konprann kontni vyolan	<b>115,000</b>
Angajman sivik	<b>60,000</b>
Rezilyans jèn yo	<b>90,000</b>
Ekip Evalyasyon Menas Konpòtman avèk Jesyon	<b>350,000</b>
Fòmasyon moun ki gade	<b>115,000</b>
Sèvis Referans	<b>175,000</b>
Rediksyon Residivis avèk Reentegrasyon	<b>230,000</b>
Monitore inovasyon	<b>300,000 - \$815,000</b>

## Objektif

1. Kominote lokal la gen konsyans sou siy ki montre ke yon moun ka sou wout vyolans avèk menas vyolans vize avèk teworis.
2. Kominote lokal la konsyan de tout faktè risk pou – avèk faktè pwoteksyon kont – vyolans ki vize avèk teworis. Faktè risk yo defini kòm karakteristik negatif ki ka ogmane chans pou yon moun sou yon chemen vyolans. Faktè pwoteksyon yo defini kòm karakteristik pozitif ki ka diminye chans pou yon moun ka rive nan direksyon vyolans.
3. Manm kominote lokal la angaje pi laj avèk divès kalite pati konsène lokal yo, pataje resous ak pi bon pratik, epi konstwi patenarya ou fè konfyans pou adrese vyolans avèk teworis ki vize.
4. Manm kominote lokal la ka aji sou fòmasyon moun k ap gade yo epi ede moun yo anvan yo avanse nan vyolans lè yo konprann wòl (avèk mwayen pou kontakte) ekip evalyasyon ak jesyon menas konpòtman (BTAM) avèk founisè prevansyon nan kominote sante publik la.
5. Manm kominote lokal la gen aksè a ekip miltidisiplinè BTAM ki gen ladann moun tankou sikològ, edikatè, lidè relijye, travayè sosyal, avèk pèsonèl medikal ki ka bay sipò pou yon moun anvan yon zak vyolans fèt.
6. Kominote lokal la gen pwogram ki adrese faktè risk pou (avèk ranfòse faktè pwoteksyon kont) vize vyolans avèk teworis, tankou pwogram rediksyon residivis.

# Lòt Resous Sibvansyon TVTP



[Paj Sibvansyon TVTP](#)



[Kijan yo enskri nan sistèm  
nan pou Jesyon prim \(SAM\)](#)



[Etap pou aplike pou  
Sibvansyon TVTP](#)



[Aplikasyon avèk Plan Mezi: Gid rapid](#)



[Kijan pou w' jwenn yon EIN](#)



[Lòt Resous Sibvansyon](#)



[Kijan pou w' anrejistre  
avèk FEMA Go](#)